

Manje ki Falsifye: Kisa Manadjè Sèvis Manje yo Dwe Konnen

Adilteran yo se aditif, koloran ak lòt sibstans ni Depatman Sante Eta New York la (New York State, NYS), ni Depatman Agrikilti ak Mache NYS la (NYS Department of Agriculture and Markets), ni Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an (U.S. Food and Drug Administration, FDA) ni Depatman Agrikilti Etazini an (U.S. Department of Agriculture) **pa** apwouve pou yo ajoute nan manje.

Ki sibstans ki se adilteran manje?

Gen anpil sibstans yo konsidere kòm adilteran e ki pa ka ajoute nan manje. Men kèk egzanp:

- Chabon aktif
- Kanabinoyid tankou kanabidyòl (CBD), ak kanabis ki gen plis pase 0.3% tetrayidwokanabinòl (THC), sou kèlkeswa fòm nan
 - Yon biznis dwe gen yon pèmi espesifik nan men Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) NYS la pou pwodui, vann oswa ofri manje ki gen CBD oswa kanabis ladan.
 - Etablisman sèvis manje yo (Food service establishments, FSE) pa kapab ni pwodui ni ofri manje ki gen CBD oswa kanabis ladan. FSE yo pa kapab ajoute ni CBD ni kanabis nan manje.
 - FSE yo **pa** gen dwa kite moun konsome ni CBD ni kanabis sou plas.
 - Manje ki gen sibstans sa yo ladan ka vann sèlman nan biznis ki gen pèmi pou vann pwodui ki gen CBD oswa kanabis ladan. Yo dwe teste CBD ak kanabis la nan yon laboratwa NYS apwouve, yo dwe anbale li ak mete etikèt sou li dapre egzijans NYS yo epi li dwe soti nan men yon distribitè oswa fabrikan ki gen yon pèmi NYS OCM.
- Kanabinoyid sentetik yo, tankou delta-8, ki rele tou delta-8-THC
- Sipleman alimantè pou moun oswa pou zannimo, sa gen ladan miltimineral, miltivitamin, vitamin, pwoteyin, mineral, aktivatè òmonn, sipleman luil ak zèb, tankou Kava Kava
- Glas kabonik ak azòt likid
 - Yo pa ka sèvi glas kabonik solid.
 - Yo dwe evapore oswa drennen tout azòt likid soti nan manje a anvan yo sèvi li.
 - Yo pa ka ajoute ni glas kabonik ni azòt likid nan manje anvan yo sèvi li si pral gen bwouya oswa lafimen lè y ap sèvi oswa manje manje a.
- Kratom (mitrajinin ak 7-idwoksimitrajinin). FDA pa apwouve itilizasyon kratom epi li kontinye avèti konsomatè yo pou yo pa sèvi ak okenn pwodui ki gen etikèt ki di li gen ladan sibstans botanik kratom nan oswa konpoze sikoaktif li yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou ki sibstans yo ka akoute nan manje, ale sou [fda.gov/food/food-additives-petitions/food-additive-status-list](https://www.fda.gov/food/food-additives-petitions/food-additive-status-list). Yo mete lis sa a ajou regilyèman.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pèmi pou kanabis ak sou NYS OCM nan, ale sou [cannabis.ny.gov](https://www.cannabis.ny.gov).

Kisa pou m fè si mwen pa konnen si yon sibstans se yon adilteran?

Kontakte Office of Food Safety and Community Sanitation (Biwo Salibrite Alimantè ak Sanitasyon Kominotè) Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (Depatman Sante NYC) nan 646-632-6001 oswa nan infobfscs@health.nyc.gov.

Kijan Depatman Sante NYC an ap fè pou verifye si gen adilteran pandan enspeksyon yo?

Enspektè yo ap verifye engredyan yo, etikèt manje yo ak meni yo pou wè si gen sibstans ki pa apwouve yo ajou nan manje. Si yon enspektè jwenn yon manje oswa yon bwason ki falsifye, l ap jete manje a oswa bwason an.

Èske mwen ka resevwa kontravansyon poutèt mwen gen manje falsifye nan FSE mwen an?

Wi. Si ou falsifye manje oswa si ou gen manje ki falsifye nan FSE w lan, ou gen dwa resevwa yon kontravansyon pou peye amann epitou pwen poutèt vyolasyon ki konte nan nòt alfabetik ou a.

Èske yo ka fèmen etablisman mwen an poutèt mwen vann manje oswa bwason ki falsifye?

Wi. Si ou pa jete manje a oswa bwason an dapre enstriksyon Enspektè Depatman Sante NYC an, oswa si ou komèt plizyè vyolasyon poutèt ou vann oswa ofri manje oswa bwason ki falsifye, Depatman Sante NYC an gen dwa fèmen etablisman w lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche "**adulterated food**" (manje ki falsifye).